**Texnikumlardı tabıslı tamamlaǵan pitkeriwshilerdi 2023/2024-oqıw jılında Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutınıń "Buxgalteriya esabı hám audit (tarmaqlar boyınsha)" tálim baǵdarı boyınsha talabanlarǵa ótkeriletuǵın sáwbet processinde beriletuǵın sorawlar úlgisi**

1. "Buxgalteriya esabı hám audit (tarmaqlar boyınsha)" tálim baǵdarı oqıwın qaysı tarawda jumıs islemekshisiz?
2. "Buxgalteriya esabı hám audit (tarmaqlar boyınsha)" tálim baǵdarın tańlawdan maqsetińiz ne?
3. "Buxgalteriya esabı hám audit" tarawı jumısın rawajlandırıw boyınsha qanday usınıslarıńız bar?
4. "Buxgalteriya esabı xızmetiniń baslıǵı" bul kim hám bul lawazımǵa qanday talaplar qoyıladı?
5. "UzASBO" dástúri haqqında tolıq maǵlıwmat berseńiz?
6. Buxgalteriya balansı hám esabat.
7. Buxgalteriya esabınıń jámiyettiń rawajlanıwındaǵı ornı hám áhmiyeti.
8. Buxgalteriya esabınıń usılı hám onıń elementleri.
9. Buxgalteriyalıq esap júritiwde jeke ǵárezsiz qarar qılıw degendi qalay túsinesiz?
10. Buxgalteriyalıq esap júritiwde miynet intizamlılıǵı degende neni túsinesiz?
11. Buxgalteriyalıq esap júritiwde qanday dáretiwshilik qabıletińiz bar?
12. Buxgalteriyalıq esap tarawı boyınsha Siz basqalardan qanday ústemlikke iyesiz?
13. Buxgalteriyalıq esap tarawı xızmetkeriniń óz ústinde islew degende qalay túsinesiz?
14. Buxgalteriyalıq esap tarawı xızmetkeriniń óz ústinde islewdiń nege keregi bar?
15. Buxgalteriyalıq esap tarawı xızmetkeriniń tiykarǵı jumıs quralına neler kiredi dep oylaysız?
16. Buxgalteriyalıq esap tarawı xızmetkerleriniń ádep-ikramlılıq normaların qalay túsinesiz?
17. Buxgalteriyalıq esap-sanaq qaysı normativlik hújjetke tiykarlanıp júritiledi?
18. Byudjet mekemesi (shólkemi) hám mámleketlik emes mekeme (kárxana)lerdiń buxgalteriyalıq esabındaǵı ózgesheligi qanday?
19. Byudjet shólkemlerinde finanslıq esabatlar quramı.
20. Byudjet shólkemlerinde tiykarǵı qurallar hám materiallıq emes aktivler esabı.

21. Esap sanaq jumıslarda nızam buzıwıshılq jaǵdayı anıqlansa qanday is tutatıs?

22. Is júritiwshi subektlerde elektron sanlı imza ne ushın kerek dep oylaysız?

23. Is júritiwshi subektlerde finanslıq operaciyalarda mekeme baslıǵı hám bas buxgalterdiń nızam aldın juwapkershiliklerin qanday túsinesiz? Qaysı biri eń baslı juwapker?

24. Kárxana baslıǵı hám bas buxgalterdiń huquq hám wazıypaları.

25. Kárxana dáramatları hám qárejetleri esabı.

26. Kásiplik máselelerdi sheshiwde qanday pazıyletlerińizge tayanıp is júritesiz?

27. Mámleketlik (byudjet) mekemeleriniń balansındaǵı materiallıq baylıqlar qaysı normativlik hújjetlerine tiykarlanıp esaptan shıǵarıladı?

28. Mámleketlik mekemeni me yamasa jeke isbilermenlik tarawı kárxanası buxgalteriyalıq esabın alıp barıw ańsatpa?

29. Materiallardı buxgalteriyada esapqa alıw.

30. Mekeme baslıǵına buxgalteriyalıq esap júritiwdiń dáslepki maǵlıwmatlarına iye bolıw shártpe?

31. Mekeme hám kárxanalardıń statistikalıq hám salıq esabların júritiw qanday ámelge asırıladı?

32. Miynet hám is haqını esapqa alıwdıń tiykarǵı wazıypaları.

33. Ózbekstan Respublikası Finans ministrliginiń 2017-jıl 20-noyabrdegi 159-sanlı buyrıǵı (Ózbekstan Respublikası Ádillik ministrliginin 2017-jıl 29-dekabrde mámleketlik dizimnen ótkerilgen) menen esap-sanaq júritiwde qanday jańalıq kiritildi ham onıń mánisin aytıp beriń?

34. Ózbekstan Respublikasınıń "Buxgalteriya esabı haqqında"ǵı Nızam qashan qabıllanǵan hám onıń mazmunın aytıń?

35. Ózbekstan Respublikasınıń "Buxgalteriya esabı haqqında"ǵı Nızamǵa aqırǵı márte qashan ózgeris kiritildi hám qanday ózgerisler boldı?

36. Ózbekstan Respublikasınıń "Buxgalteriya esabı haqqında"ǵı Nızamınıń jańa redakciyası neshe statyadan turadı hám Nızamnıń maqseti neden ibarat?

37. Schyotlar hám balans arasındaǵı baylanıslardıń áhmiyeti.

38. Siz islewshi mekemede auditorlıq tekseriw ótkeriw paytında Siziń háreketińiz qanday boladı?

39. Tayar ónimlerdi buxgalteriyada esapqa alıw.

40. Turaqlı is júritiwshi óndirislik kárxanaǵa investiciya kiritiw ne ushın kerek dep oylaysız?